

AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE

GWOSÈS AK SANTE BOUCH



KOUNYE A PASKE OU ANSENT

- Pran swen jansiv ak dan ou pandan ou ansent lan. Sa kapab ede ou menm ak bebe ou rete an sante.
- Ale kay dantis pou swen woutin ak nenpòt tretman ou bezwen.
- Lè ou ansent gen chanjman ki kapab fè ou gen plis chans pou gen maladi nan jansiv.
- Kèk etid montre yon lyen ant maladi nan jansiv ak tibebe ki fèt prematire oswa pwa yo ba.

MEN KÈK BAGAY OU KAPAB FÈ POU EVITE GEN MALADI NAN DAN:

- **Bwose** dan ou ak pat dantifris fliyò. Pase fil nan dan ou chak jou.
- **Manje** sa ki bon pou lasante epi evite manje bagay sikre.
- **Pwograme** yon randevou pou yon tchèkòp jodiya epi pa bliye di dantis ou w ansent. Sa pral ede dantis ou ba ou pi bon swen.

SI OU:

- **Gen mwens ke 21 ane epi enskri nan yon Plan Dantè** – Medicaid pral kouvri tout sèvis dantè ki nesèsè medikalman. Kontakte plan ou pou chèche konnen konsènan benefis plan an kouvri yo.
- **Laj 21 Ane ak Pi Gran epi ki enskri nan yon Plan Dantè** - Plan ou an ofri benefis ki gen rapò dantè ak gwosès ki gen ladan chèk, netwayaj ak plis ankò. Kontakte plan ou a pou chèche konnen konsènan lòt sèvis ki gen rapò ak dantè ak gwosès plan an ofri.

LÒT FASON POU W JWENN SWEN POU DAN OU:

Lis ki anba se kèk nimewo ou ka rele ki ka ede ou jwenn swen ou bezwen:

- **Depatman Sante Pwovensyal** rele **850-245-4444** oswa vizite www.floridahealth.gov pou jwenn enfòmasyon sou Depatman Sante lokal ou.
- **2-1-1** Ou ka tou rele 2-1-1, ki se yon liy asistans kominotè ki bay enfòmasyon gratis sou dantè ak anpil lòt sèvis.

Rele plan dantè Medicaid ou pou plis enfòmasyon sou sèvis yo ofri yo. Si ou bezwen èd pou jwenn enfòmasyon kontakte plan ou , rele Liy asistans

Medicaid nou an nan

1-877-254-1055

oswa vizite

www.ahca.myflorida.com/Medicaid